



Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL KONVOKE PREMYE SOMÈ KI DEDYE POU EDE PLIS ELÈV  
LEKÒL SEGONDÈ RANPLI FÒMILÈ ÈD FINANSYÈ PA YO**

***SUNY, CUNY, CICU, NYSED, HESC diskite sou estrateji pou elèv yo ranpli  
aplikasyon FAFSA senplifye a***

***Elèv New York nan pwomosyon 2022 yo te rate 200 milyon dola èd finansye  
Federal akoz to achèyman FAFSA ki ba***

***Somè a konwenside avèk Mwa Aplikasyon Kolèj ak Semèn Aplikasyon Gratis la  
nan SUNY, CUNY, ak 46 kolèj ak inivèsite endepandan***

Gouvènè Kathy Hochul te konvoke jodi a Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY), Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY), Komisyon Fakilte ak Inivèsite Endepandan (Commission on Independent Colleges and Universities, CICU, Depatman Edikasyon Eta New York (New York State Education Department, NYSED), ak Kòporasyon Sèvis Edikasyon Siperyè (Higher Education Services Corporation, HESC) pou premye Somè Estrateji Achèyman FAFSA. Somè a, ki te fèt nan Albany, te rasanble moun ki gen enterè kle yo, ki gen ladan konseye pedagojik lekòl segondè yo, pou diskite sou chanjman nan aplikasyon pou èd federal la, pandan y ap chèche estrateji sou fason pou ogmante pousantaj achèyman FAFSA nan Eta New York, ki avwazine otou 50 pousan.

"Aksè ak edikasyon siperyè ka chanje pakou lavi yon moun, epi tout elèv New York merite opòtinite pou yo resevwa sipò finansye yo bezwen pou yo rive jwenn diplòm yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè dèske m'òganize premye somè sa a pou nou ka devlope solisyon pou ede etidyan potansyèl yo pi byen konprann avantaj ki disponib pou yo epi ogmante pousantaj achèyman FAFSA. Mwen pa ka tann pou n travay ansanm pou asire tout Nouyòkè kapab investè nan edikasyon pa yo."

[Dapre Lwa Senplifikasyon FAFSA](#), aplikasyon FAFSA 2024-2025 la prevwa relanse an desanm 2023 ak chanjman ki fè li pi fasil pou aplike pou èd federal, espesyalman pou elèv ki soti nan fanmi ki gen revni ki pi ba yo. Dènyèman, SUNY [te lanse](#) Kò Achèyman FAFSA SUNY (SUNY FAFSA Completion Corps) pou ede elèv yo ranpli nouvo aplikasyon federal pou èd finansye kolèj yo. SUNY te resevwa yon sibvansyon prèske 300,000 nan men AmeriCorps pou lanse inisyativ la. CUNY te lanse yon nouvo [gid sou](#)

[entènèt pou FAFSA](#) ki ranfòse enfòmasyon ki disponib fasilman pou elèv yo epi li te lanse yon kanpay sosyal #FileFAFSAEarly pou sansibilize sou benefis ki genyen nan ranpli FAFSA bonè epi ankouraje elèv yo fè sa.

Dapre yon [analiz](#) National College Attainment Network (Rezo Nasyonal pou Reyisit Inivèsité), gradye lekòl segondè yo nan pwomosyon 2022 te kite 3.6 milya dola nan sibvansyon Pell yo pa t reklame nan tout peyi a lè yo pa ranpli FAFSA. Nan Eta New York sèlman, pwomosyon 2022 a te rate 200 milyon dola èd federal lè yo pa te ranpli FAFSA. Etid yo montre ke elèv ki ranpli FAFSA gen plis chans ale nan kolèj. Apeprè 90 pousan elèv ki konplete FAFSA ale nan kolèj dirèkteman apre yo fin diplome, konpare ak sèlman 55 pousan elèv ki gradye ki pa ranpli aplikasyon an.

Patisipan yo nan Somè yo te aprann sou pratik pwometè nan lekòl segondè Eta New York yo, ansanm ak nan kat nan nèf eta yo ki te aplike règleman FAFSA inivèsèl pou tout elèv lekòl segondè yo epi ki te ogmante siyifikativman pousantaj achèman FAFSA kòm rezilta.

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare,** "Yon edikasyon kolèj se yon tikè pou mobilite asandan; sepandan, anpil etidyan potansyèl pa janm aplike oswa ale nan kolèj akòz sitiyasyon finansye yo. An 2022, plis pase 80,000 elèv ki gradye nan Eta New York pa te ranpli aplikasyon FAFSA a – sa ki te kite 200 milyon dola nan èd finansye federal sou tab la. Lè nou travay avèk patnè K-12 ak edikasyon siperyè nou yo atravè eta a, nou ka ogmante pousantaj achèman FAFSA epi montre elèv yo ke yon edikasyon kolèj, espesyalman nan SUNY, abòdab epi yo ka jwenn li gras ak èd eta ak federal. Mwen remèsye patnè nou yo atravè eta nou yo dèske yo rejwenn SUNY pou ede asire elèv New York yo jwenn èd finansye yo bezwen pou yo ale ak reyisi nan kolèj."

**Rektè CUNY, Félix V. Matos Rodríguez, te deklare,** "Fè plis elèv ranpli fòm èd finansyèl pal fè kolèj vin pi bon mache pou anpil nan yo epi nan kèk ka, sa pral posib. Se poutèt sa li enpòtan pou jwenn nouvo fason pou ogmante pousantaj aplikasyon èd finansye. Somè jodi a te bay yon nouvo opòtinite pou idantifye pratik ki te ankouraje plis etidyan potansyèl pou yo aplike pou èd finansyèl nan New York ak atravè peyi a."

**Prezidan Komisyon Kolèj ak Inivèsite Endepandan (Commission on Independent Colleges and Universities) yo, Lola W. Brabham, te deklare,** "Aplikasyon Gratis pou Èd Federal Elèv la se yon zouti enpòtan nan ede elèv yo ak fanmi yo debloke èd finansye pou fè rèv kolèj yo vin yon reyalyte. Chak ane nan New York, yo pa reklame plis pase \$200 milyon dola nan fon Sibvansyon Pell la paske elèv ki elijib yo pa ranpli FAFSA pa yo. Somè estrateji pou achèman jodi a se yon enperatif pou asire elèv yo ak fanmi yo resevwa èd elèv yo gen merite."

**Rektè Konsèy Administrasyon an, Lester W. Young, Jr., te deklare,** "Istwa finansye yon elèv pa ta dwe limite aksè ak edikasyon siperyè. Pwogram FAFSA etabli pon ant aspirasyon elèv yo ak resous finansye yo. Malerezman, anpil elèv rate opòtinite sa yo paske yo pa konnen yo oswa yo kwè yo pa kalifye. Nou dwe travay ansanm pou ogmante achèman FAFSA atravè eta a epi asire ke chak elèv ki vle ale nan kolèj ka

jwenn aksè ak chak dola nan èd finansye yo kalifye pou yo. Li lè pou nou travay ansanm pou ogmante achèyman FAFSA, fè edikasyon siperyè pi aksib pou tout moun."

**Komisè Edikasyon Eta a, Betty A. Rosa, te deklare,** "Fòmilè FAFSA a se kle ki ouvri pòt edikasyon siperyè pou anpil Nouyòkè. Yo neglije twòp elèv epi yo pa ranpli fòmilè FAFSA a, sa vle di yo pa aprann sou divès pwogram èd finansye ki ta ka disponib pou yo ede fè objektif edikasyon yo vin yon reyaltite. Kolaborasyon enpòtan esansyèl pou ogmante pousantaj achèyman FAFSA nan eta nou an, epi ak lidèchip Gouvènè Hochul epi lè nou travay ak ajans patnè nou yo, nou ka fè pwogrè enpòtan nan pi byen sipòte elèv yo nan pwosesis sa a."

**Prezidan Kòporasyon Sèvis Ansèyman Siperyè, Doktè Guillermo Linares, te deklare,** "Pwosesis aplikasyon FAFSA a esansyèl pou asire ke chak elèv gen aksè ak opòtinite èd finansye federal ak Eta New York. Somè FAFSA jodi a te bay yon fowòm ouvè pou moun k ap fè politik, edikatè, fonksyonè piblik yo ak defansè yo pou yo reyini pou pataje pi bon pratik ak eksplòre solisyon inovan ki ede ogmante kantite elèv ki ranpli FAFSA a. Lè nou travay ansanm, nou kapab asire ke chak elèv ki kalifye jwenn aksè ak resous yo bezwen pou yo reyisi."

Gouvènè Kathy Hochul te fèk anonse ke SUNY, CUNY, ak 46 kolèj ak inivèsite prive nan Eta New York pral gen opòtinite aplikasyon gratis pou etidyan nan fen etid lekòl segondè yo pandan tout mwa oktòb la. Sa a se premye fwa SUNY, CUNY, ak enstitisyon prive New York yo mete tèt yo ansanm pou anile frè aplikasyon pou elèv k ap aplike pandan Mwa Aplikasyon pou Kolèj Eta New York la. Aplikan yo ka aplike jiska nan senk lekòl SUNY gratis, yon ekonomi 250 dola.

Ou ka jwenn lis konplè kolèj ak inivèsite k ap patisipe yo, enfòmasyon sou kilè yo pral anile frè yo, ak kijan pou aplike pou chak lekòl [isit la](#).

HESC, SUNY, ak CUNY te pwograme evènman vityèl ak an pèsòn pandan tout mwa a pou ankouraje elèv yo aprann plis sou èd finansye Eta New York, enfòmasyon elèv yo sou opsyon kolèj yo, epi ede yo ranpli aplikasyon pa yo. Pou jwenn yon lis plis pase 70 evènman èd finansye HESC òganize klike [isit la](#).

Ou ka jwenn sesyon SUNY an [isit la](#) epi ou ka jwenn yon lis plis pase 100 evènman CUNY òganize [isit la](#).

Inisyativ Mwa Aplikasyon pou Kolèj Eta New York la ankouraje etidyan nan fen etid lekòl segondè yo pou yo aplike pou kolèj bonè ak yon konsantrasyon sou elèv ki soti nan fanmi ki gen revni ki ba yo, ak elèv premye jenerasyon yo, ak elèv ki otreman pa ka aplike pou kolèj.

###